दिन—सोमवार दिनांक—18.03.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

भाजपा नेतृत्ववला एनडीए गठबंधन बिहारक चालीस सीट पर आपसी समझौता सँ सीट बंटवाराक घोषणा कऽ देलक अछि। आइ नव दिल्ली मे आयोजित संवाददाता सम्मेलन मे घटक दलक नेता लोकनिक उपस्थितिक मध्य सीट सभक बंटवाराक घोषणा कयल गेल। भाजपाक बिहार प्रभारी विनोद तावड़े सीट शेयरिंग के घोषणा करैत जनौलनि जे भाजपा सत्रह सीट पर चुनाव लड़त जखनकि सहयोगी दल जदयू सोलह सीट पर अपन प्रत्याशी उतारत। भाजपा चिराग पासवानक नेतृत्ववला लोक जनशक्ति पार्टी रामविलास के पाँच सीट देलक अछि। ओतहि, हिन्दुस्तानी अवाम मोर्चा आ उपेन्द्र कुशवाहा के पार्टी राष्ट्रीय लोक मोर्चा एक—एक सीट पर अपन उम्मीदवार उतारत। श्री तावड़े जनौलनि जे बीजेपी पूर्वी चंपारण, पश्चिम चंपारण, औरंगाबाद, अररिया, मधुबनी, दरभंगा, महाराजगंज, सारण, उजियारपुर, बेगूसराय, नवादा, पटना साहिब, पाटलिपुत्र, आरा, बक्सर, सासाराम आ मुजफ्फरपुर संसदीय सीट पर अपन उम्मीदवार उतारत। ओतहि, जनता दल यूनाईटेड वाल्मीकिनगर, सीतामढ़ी, झंझारपुर, सुपौल, किशनगंज, कटिहार, पूर्णिया, मधेपुरा, गोपालगंज, सीवान, भागलपुर, बांका, मुंगेर, नालंदा, जहानाबाद आ शिवहर संसदीय सीट पर अपन प्रत्याशी ठाढ़ करत। लोक जनशक्ति पार्टी रामविलास के खाता मे वैशाली, हाजीपुर, समस्तीपुर, खगड़िया आ जमुई सीट गेल अछि। पूर्व मुख्यमंत्री जीतन राम मांझी के पार्टी हिन्दुस्तानी अवाम मोर्चा के गया संसदीय सीट जखनकि उपेन्द्र कुशवाहा के नेतृत्ववला पार्टी राष्ट्रीय लोक मोर्चा के काराकाट संसदीय सीट भेटल अछि।

---

निर्वाचन आयोग बिहार सहित छओ राज्यक गृह सचिव के पद सँ हटेबाक निर्देश देलक अछि। आयोग राज्य सरकारक एहि आदेशक शीघ्र पालन करबाक लेल कहलक अछि। स्वतंत्र आ निष्पक्ष चुनाव सुनिश्चित करबाक लेल ई आदेश जारी कयल गेल। आयोग बिहारक गृह विभागक अपर मुख्य सचिव एस. सिद्धार्थ के हटेबाक लेल कहलक अछि। हुनका लऽग मंत्रिमंडल सचिवालय कँ अतिरिक्त कार्यभार सेहो अछि। बिहारक अतिरिक्त गुजरात, उत्तरप्रदेश, झारखंड, हिमाचल प्रदेश आ उत्तराखंडक गृह सचिव के हटेबाक निर्देश देल गेल अछि। आयोग पश्चिम बंगालक पुलिस माहनिदेशक के सेहो हटेबाक लेल कहलक अछि।

———————————————————————

लोकसभा चुनावक तारीखक घोषणाक बाद प्रशासन निष्पक्ष चुनावक तैयारी मे जुटि गेल अछि। निर्वाचन आयोग मतदाता सभ के कतेको सुविधा देलक अछि। आम मतदाता चुनाव मे कोनो प्रकारक गड़बड़ीक सूचना निर्वाचन आयोगक मोबाइल ऐप सी–विजिल के माध्यम सँ दऽ सकैत छथि। आयोगक अनुसार शिकायत भेटबा पर एक सय मिनट के भीतर कार्रवाई कयल जायत। एम्हर, चुनाव खर्चक निगरानीक लेल जिला सभ मे इनफोर्समेंट एजेंसी सभ के चौबीस घंटा सक्रिय रहबाक निर्देश देल गेल। बीस एजेंसीक माध्यम सँ पाई सभ के लेन–देन पर नजरि राखल जायत। ओतहि, सभ जिला मे शांतिपूर्ण चुनाव सम्पन्न करेबाक लेल विभिन्न कोषांग के सक्रिय कऽ देल गेल अछि।

———————————————————————

प्रदेशक विभिन्न जिला सभ मे मतदाता जागरूकता अभियान के तेज कऽ देल गेल अछि। एहि कड़ी मे मतदान का महात्योहार, बिहार है तैयार थीमक संग पूर्वी चंपारण जिला मे स्वीप गतिविधि सभक अंतर्गत अलग–अलग प्रखंड मे मतदाता जागरूकता अभियान चलाओल गेल।

———————————————————————

राजद नेता तेजस्वी यादव कहलनि जे बिहारक चालीस लोकसभा सीटक लेल महागठबंधनक दल सभ मे समझौता भऽ गेल अछि। दू सऽ तीन दिन मे सीट बंटवाराक घोषणा कऽ देल जायत। श्री यादव मुम्बई मे महागठबंधनक रैली मे सम्मिलित होयबाक बाद आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप कऽ रहल छलाह। ओ जनौलनि जे सीट बंटवारा अंतिम चरण मे अछि।

———————————————————————

भाजपा युवा मार्चा मुजफ्फरपुरक गोबरसही मे नमो हैट्रिक टी–शर्ट कार्यक्रमक आयोजन कयलक। एहि अवसर पर केन्द्रीय गृह राज्यमंत्री नित्यानन्द राय नमो टी–शर्टक लोकार्पण कयलनि। कार्यक्रम मे कतेको विधायक, सांसद आ पूर्व मंत्री सेहो उपस्थित छलाह।

———————————————————————

खगड़िया जिलाक पसराहा थाना क्षेत्र अंतर्गत राष्ट्रीय उच्च पथ संख्या एकतीस पर आइ भोर भीषण सड़क दुर्घटना मे तीन बच्चा सहित आठ लोकनिक मृत्यु भऽ गेल आ तीन आन लोकनि गंभीर रूपें घायल भऽ गेलाह।

———————————————————————————

मधुबनी जिलाक पुलिस अधीक्षक सुशील कुमार के निर्देश पर जिलाक विभिन्न थाना क्षेत्र मे वाहन जाँच अभियान चलाओल गेल।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।